



Pou Piblikasyon Imedya: 08/07/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEMARAJ YON PWOJÈ REZILYANS \$2.1 MILYON DOLA NAN KONTE ST. LAWRENCE

Yo pral Retire Pon nan Lari Northumberland la pou Pwoteje Sante Piblik la epi Pèmèt Pasaj san Danje Plezansye sou Baton yo

Yon Pati nan Inisyativ Devlopman Rezilyans ak Ekonomik \$300 Milyon Dola Gouvènè a

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse konstriksyon an kòmanse pou yon pwojè lojman \$2.1 Milyon Dola pou retire Pon Lari Northumberland la nan Minisipalite Morristown, nan Konte St. Lawrence. Inondasyon te domaje pon an epi yo te fèmen li depi 2019. Pwojè a, Konte St. Lawrence te antreprann pou [Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik](#) Gouvènè a, pral amelyore sekirite pou plezansye yo k ap travèse Morristown Bay sou bò Lès Rivyè St. Lawrence la epi ogmante opòtinite pou divètisman ak devlopman ekonomik nan rejyon an. Epitou sa pral ede pwoteje rezèv dlo potab kominote a epi anpeche fwit dlo egou.

"Inondasyon istorik arebò Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence an 2019 la, te detwi enfrastrikti enpòtan," **Gouvènè Cuomo di.** "Atravè REDI, kominote a te idantifye avwa sa yo epi n ap travay men nan lamèn ak administrasyon lokal la pou pwojè sa yo ka abouti, depi konsepsyon jiska finisman an. Eta New York kontinye angaje li pou asire sekirite rezidan li yo. N ap re-evalye epi re-imagine, pou nou kapab bati pi byen ankò fwa sa a. Lè gen evènman dlo monte pi devan, kominote yo ki etabli arebò riv la pral pare pi byen pou fè fas ak tanpèt la."

"Pwojè enfrastrikti a nan Konte St. Lawrence pral ede asire sekirite, rezilyans ak sante rejyon metwopolitèn kominote Morristown la ansanm ak pèmèt pasaj san danje pou plezansye k ap navige sou bato pou plezi yo," se sa **Lyetnan Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** "Lè nou retire pon an k ap deteryore epi yo relokalize kondwit dlo prensilap la ak egaou sanitè a, sa pral amelyore potansyèl komèsyal ak pou divètisman epi ogmante sekirite ak dirabilite rejyon ozalantou a. Eta New York ap fyè pou li investi nan rezilyans kominote North Country nou yo."

Pon Northumberland Street la pou Konte St. Lawrence epi se li ki responsab pou antretni li. Nan kad pwojè a, konte a pral retire estrikti pon a epi retire ranplisaj andedan wout causeway a pou amelyore koneksyon idwolojik li. Anplisdesa, nou pral deplase yon lòt kote ni kondwi prensipal la ak ni kondwi egou sanitè a ki anba bè a.

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York la, Marie Therese Dominguez te deklare, "Pi gwo objektif pwogram REDI Gouvènè Cuomo ki te plen siksè a se pwoteje sekirite piblik, entegre rezilyans epi kreye opòtinite pou kwasans ekonomik epi pwojè sa a pral reyalize touletwa. Si nou retire pon a sa pral ogmante sekirite pou plezansye yo epi ede pwoteje bon kalite dlo, sa ki pral ankouraje kwasans ak vitalite san rete kominote lokal la pandan plizyè lane pi devan."

Prezidan ak Direktè Jeneral DASNY Reuben R. McDaniel III di konsa, "Pwogram REDI Gouvènè Cuomo an ofri zouti enpòtan pou ofri sèvis esansyèl pou satisfè bezwen inik nan enfrastrikti bay kominote ki bò dlo a epi pou pwoteje sante ak sekirite abitan New York yo. DASNY fyè pou sipòte travay Gouvènè Cuomo pou asiste epi ranfòse kominte yo toupatou nan New York."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la ak Ko-prezidan Komisyon REDI a, Basil Seggos, te deklare, "Inisyativ Rezilyans ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) New Yor ap travay men nan lamèn ak kominote ki konn viktim inondasyon yo tankou minisipalite Morristown ak Konte St. Lawrence pou pwomouvwa pwojè enpòtan ki pral ogmante rezilyans, pwoteje sante ak sekirite piblik epi ankouraje ekonomi lokal la. Lè nou retire Pon Northumberland Street la k ap deteryore epi ki posibelman danjre epi nou sipòte amelyorasyon enpòtan, sa pral pwoteje kominote sa a sou rivaj St. Lawrence River an ansanm ak enfrastrikti esansyèl rezidan lokal yo bezwen, etandone n ap founi yon pasaj ki san danje pou plezansyoe sou baton yo epi nou amelyore kalite lavi a."

Prezidan Lejislatif Konte St. Lawrence Bill Sheridan afime ke "Inisyativ REDI yo sou frontyè Nò Eta New York la pral ede minisipalite yo tankou Minisipalite Morristown amelyore preparasyon yo pou takle difikilte ak rivaj la pi devan. Konte a apresye efò Gouvènè Andrew Cuomo ak Eta New York pou asire yo ke pwojè sa yo abouti. Reyalizasyon pwojè a se te yon efò kolaboratif ant pami plizyè pati prenan. Mwen vle remèsye: Minisipalite Morristown, Kòporasyon Enjenyè Etazini (United States Army Corps of Engineers, USACE), Enjenyè ki te travay sou pwojè a Barton & Loguidice, DPC, Eta New York ak ajans li yo ki te patisipe."

Sipèvizè Minisipalite Morristown Frank Putman di tou ke "Morristown remèsye Gouvènè Cuomo pou mizanplas pwogram REDI a. Grasa inisyativ sa a, travay enpòtan pou retire Pon Northumberland Street la pral fèt, epi se pa sèlman Konte St. Lawrence antanke pwopriyetè pon an ki pral benefisye, men tou se rezidan minisipalite a. Patenarya solid ant Eta a ak administrasyon lokal yo enpòtan anpil pou asire sekirite piblik la epi ou sipòte devlopman ekonomik."

Nan repons ak chema inondasyon pwolonje nan tout bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo, Gouvènè Cuomo te kreye REDI a pou ogmante rezilyans kominote bò rivaj yo epi estimile devlopman ekonomik nan rejyon an. 5 Komisyon Planifikasyon

Rejyonal REDI, ki gen ladann reprezantan ki soti nan 8 Konte te etabli pou idantifye priyorite lokal yo, enfrastrikti ki a risk yo ak lòt avwa epi bagay ki poze yon pwoblèm pou sekirite piblik la. Men konte yo: Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga and Oswego ak Jefferson epi St. Lawrence. Komisyon REDI a te atribye 20 milyon dola pou bay pwopriyetè kay yo asistans, 30 milyon dola pou amelyore rezilyans biznis yo, ak 15 milyon dola pou yon efò dragaj rejyonal ke chak nan uit (8) konte nan rejyon REDI yo ap benefisye. Yo te atribiye balans 235 milyon dola ki rete a, bay pwojè lokal ak rejyonal ki fè avanse epi montre egzanp misyon REDI a.

Anba enstriksyon Gouvènè Cuomo, Komisyon REDI a te vizite zòn ki te frape anpil anba inondasyon Lak Ontario yo epi li te travay avèk kominote lokal yo pou vini avèk yon nouvo vizyon pou bò rivaj la nan yon pwendvi ki chita alafwa sou rezilyans ak devlopman ekonomik dekwa pou rebati pi byen ak pi solid alavni.

Depi kreyasyon pwogram REDI Gouvènè a nan prentan 2019, 133 pwojè lokal ak rejyonal REDI finanse yo kòmanse, sa ki gen ladan 95 pwojè nan faz konsepsyon, 19 pwojè nan faz konstriksyon ak 19 pwojè ki fini.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, pwofil pwojè yo ak nouvèl sou REDI klike [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)